



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN RENOVASYON KI KOUTE 3.2 MILYON DOLA NAN LANSMAN BATO ETA NAN COXSACKIE AK PAK RIVERSIDE A TAN POU WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA

Pak litoral revitalize a konplete renouvèlman kontinyèl nan Vilaj Konte Greene lan

Zòn lwazi Hudson Eagles ki fèk deziyen an ogmante aksè ak eksperyans ki baze sou dlo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse finisman yon pwojè ki koute 3.2 milyon dola pou revitalize Lansman Bato Coxsackie Eta (State Boat Launch Coxsackie) ak Pak Riverside (Riverside Park) sou Rivyè Hudson nan Konte Greene. Ouvri alè pou wikenn Jounen Memoryal (Memorial Day) la, lansman bato eta a se premye lansman ki renouvle nan kad Zòn Lwazi Hudson Eagles la, yon inisyativ pou amelyore aksè piblik ak rezistans sou twonson sovaj Rivyè Hudson lan ant Albany ak Kingston epi amelyore koneksyon ak kominote litoral yo nan rejyon an

"Jis a tan pou Wikenn Jounen Memoryal la, Lansman Bato Coxsackie ak Pak Riverside ki fèk renove a ofri opòtinite pafè pou Nouyòkè yo kòmanse sezon ete a nan gwo aktivite deyò", **deklarasyon Gouvènè Hochul**. "Pak eta nou yo, santye yo ak lansman bato nou yo enpòtan anpil pou eksperyans New York, epi administrasyon mwen an pral kontinye investi nan anpil bèl bagay ki fòme sistèm pak nou an."

Amelyorasyon sit yo enkli:

- Nouvo paviyon anplennè pou òganize Mache Fèmeye yo chak semèn ak lòt evènman espesyal yo
- Nouvo pye bwa, peyizaj ak syèz nan tout sit la.
- Amelyore koneksyon bisiklèt ak pyeton ant litoral la ak anba lavil la, ansanm ak nouvo twotwa pou amelyore sikilasyon sit pyeton yo toupatou.
- Nouvo pano akèy, bay direksyon, ak oryantasyon, ki gen ladan pano idantifikasyon sit ki bay fas sou dlo pou navigatè yo, ansanm ak pano entèpretasyon ak lòt eleman pou sit pou mete aksan sou istwa lokal ak restorasyon anviwònman Rivyè Hudson lan.
- Renovasyon teren baskètbòl

Amelyorasyon nan lansman bato a gen ladan nouvo pasaj ak waf flotan pou rann lansman pi fasil, yon nouvo lansman kayak ki konfòm ak ADA, ak ogmantasyon espas pou amaraj kanotye tanporè.

Amelyorasyon anviwonmantal yo enkli yon nouvo estasyon lavaj bato pou redwi pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo, yon jaden plivyaj pou kontwole dlo lapli, estasyon rechaj machin elektrik yo, ak aparèy ekleraj LED.

Zòn Lwazi Hudson Eaglesla konsantre sou aksè ak eksperyans ki baze sou dlo. Dapre inisyativ la, kat enstalasyon bato eta adisyonèl - Schodack Island State Park (Pak Eta Schodack Island), Crailo State Historic Site (Sit Istorik Eta nan Crailo), Athens State Boat Launch (Lansman Bato Eta nan Athens), ak Hudson State Boat Launch (Lansman Bato Eta nan Hudson) - pral resevwa amelyorasyon, elaji aksè pou bato, lapèch, ak obsèvasyon bèt sovaj.

Yo pral ajoute ekipman pòch pak, tankou zòn piknik, paviyon, anpil chèz, ak pano sou ekipman lokal ki tou pre yo. Sit yo ap lye ak imaj mak pataje, materyèl ak sitwèb edikatif. 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwonmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la, si votè yo apwouve li an novanm 2022, pral finanse plis amelyorasyon.

Komisè Pak Eta Erik Kulleseid te deklare, "Nouvo Lansman Bato Coxsackie ki amelyore a se yon plan ekselan pou pi byen konekte kominote yo ak Rivyè Hudson. Zòn Lwazi Hudson Eagles la pral bati sou reyalyasyon sa a an amon ak an aval Rivyè Hudson. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li fè travay enpòtan sa a pou amelyore pak yo ak espas ouvè yo epi pwoteje anviwonman nou an."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Konte Greene se youn nan pi bèl zòn nan pati nò Eta New York, epi Lansman Bato Coxsackie ak Pak Riverside ki fèk repare yo pral kontinye elve rejyon nou an kòm yon sant lwazi pou aktivite deyò ak prezèvasyon anviwonmantal an ak lyen ekonomik solid ak kominote biznis lokal nou an. Mwen pral toujou travay pou asire Konte Greene resevwa nivo investisman li merite, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li avanse renovasyon sa a pou pi devan pou bay yon espas vèt enkwayab ki gen plizyè fonksyon pou kominote nou an ka jwi pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Chris Tague te deklare, "Finisman Lansman Bato Coxsackie ak renovasyon Pak Riverside la se yon bon nouvèl pou rezidan lokal yo. Mwen espesyalman eksite sou nouvo paviyon an, ki pral òganize yon mache fèmeye k ap montre pi bon nan sa kiltivatè lokal yo, atizan ak pwopriyetè ti biznis nou yo gen pou ofri. Mwen vle remèsye tout moun ki te ede fè renovasyon sa a vin yon reyalyte pou travay di yo pou prepare li pou operasyon alè pou Wikenn Jounen Memoryal la."

Majistra Vilaj Coxsackie a, Mark Evans te deklare, "Amelyorasyon nan pak sa a pral gen yon enpak jenerasyonèl sou moun Coxsackie yo ak zòn ki antoure yo. Nou

remèsye Gouvènè Hochul ak Pak Eta yo paske yo te pataje vizyon nou te genyen pou pi bon litoral sou zòn nò Rivyè Hudson lan."

Kapitèn Bato Patwouy Riverkeeper (Gad Rivyè) ak Vis Prezidan pou Defans lan John Lipscomb te deklare, "Mèsi, Gouvènè Hochul ak Komisè Kulleseid. Zòn Lwazi Hudson Eagles la se yon inisyativ ekstrawòdinè, ki raple gwo vizyon ki gen plis pase yon syèk ki te mennen nan kreyasyon Pak Palisades Interstate nan sid davantaj. Zòn Lwazi Hudson Eagles la se yon bèl kado pou rivyè nou renmen an, ak pou kominote ki sou rivaj li yo. Pak sa a pral ede bay Rivyè Hudson rekonesans, pwoteksyon, finansman ak restorasyon abita li tèlman bezwen ak merite."

Direktè Politik Egzekitif, Defans ak Syans Scenic Hudson lan, Pete Lopez, te deklare, "Revitalizasyon Lansman Bato Eta nan Coxsackie ak Pak Riverside atravè avansman inisyativ Zòn Lwazi Hudson Eagles la reprezante yon konbinezon dinamik ak konvenkan nan jerans anviwònmanal, investisman ekonomik ak opòtinite kalite lavi amelyore pou moun Coxsackie ak nan Hudson Valley an jeneral. Yo dwe felisite Gouvènè Hochul ak administrasyon li an pou lidèchip yo nan pwomote ogmantasyon aksè nan litoral pou rezidan lokal yo, ranfòse kominote lokal yo, epi bay vizitè yo nouvo opòtinite pou yo fè eksperyans majestyè Hudson ak tout rsa epyon an gen pou ofri. Menm lè nou selebre akonplisman sa a, nou tout angaje pou fè plis. Antreprann amelyorasyon nan lòt pak ki fè pati inisyativ vizyonè sa a depann de pasaj novanm lan nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la."

Pwojè Lansman Bato Eta nan Coxsackie la baze sou efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji ak amelyore aktivite lwazi deyò atravè Eta New York. Bidjè Ane Fiskal 2023 ki fèk adopte a te ogmante finansman kapital pou Pak Eta yo de 140 milyon dola, pou yon total de 250 milyon dola. Nivo sibstansyèl finansman sa a pral ede transfòmasyon kontinyèl pak prensipal New York yo epi sipòte pwojè enfrastrikti enpòtan atravè sistèm pak la.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ansman bato ak plis ankò, ki te vizite pa plis pase 78 milyon moun chak ane.

Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) a oswa rele 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###